



Pou Piblikasyon Imedya: 09/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MID-HUDSON VALLEY ANTRE JODI A NAN DEZYÈM FAZ NAN RE-OUVÈTI A**

*Long Island pral antre nan dezyèm faz demen*

*Devwale tablo mezi jounalye pou retrace rezilta tè s aktyèl COVID-19 pa rejyon*

*Eta a, an patenarya ak Sean Penn ak CORE, te etabli 11 Tès sit nan kominote ki afekte patikilyèman pa COVID-19 la*

*Eta New York kounye a gen plis pase 800 sit tè s COVID-19*

*Eta a ap deplwaye 50,000 mask an twal ak 10,000 galon ak 100,000 bwat 2 ons dezenfektan pou men bay Metro North*

*Yo te distribye kat milyon boutèy dezenfektan pou men NYS Clean toupatou nan eta a jiska jodi a*

*Li konfime 683 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 379,482; Nouvo ka nan 40 Konte*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Mid-Hudson Valley ap antre nan dezyèm faz re-ouvèti a jodi a. Long Island pral antre nan dezyèm faz nan re-ouvèti a demen 10 jen. Nou ap jwenn direktiv New York Forward pou re-ouvèti dezyèm faz la [isit la](#).

Gouvènè Cuomo te devwale tou yon tablo rezilta tè s jounalye pou konplete tablo avètisman bonè pou Nouyòkè yo ak gouvènman lokal yo pou retrace fasilman rezilta tè s COVID-19 la chak jou pa rejyon ak konte pandan ke tout rejyon yo nan eta a ap re-ouvri kounye a.

Gouvènè a te anonse tou ke eta a, an patenarya ak Sean Penn ak CORE, te etabli 11 tè s sit nan kominote ki afekte patikilyèman pa COVID-19 la. [CORE](#) (Efò Sekou Kominote a Òganize (Community Organized Relief Effort, CORE)) se yon òganizasyon san bi likratif ki dedye pou sove lavi ak ranfòse kominote yo ki afekte oswa ki vilnerab a kriz la. Eta a kontinye konsantre efò yo sou redui pousantaj enfeksyon COVID-19 la nan katye sansib nan Vil New York sa yo ke viris la te plis afekte. Kounye a genyen plis pase 800 sit tè s COVID-19 atravè eta a. Gen plis enfòmasyon sou ki kote ak kijan pou teste pou COVID-19 ki disponib nan <https://coronavirus.health.ny.gov>.

Gouvènè a te anonse tou ke eta a ap deplwaye 50,000 mask an twal ak 10,000 galon ak 100,000 bwat 2 ons dezenfektan pou men bay Metro North. Gouvènè a te raple tou Nouyòkè yo ke mask yo obligatwa pou lè y ap itilize sistèm transpò piblik yo epi Nouyòkè yo dwe swiv tout direktiv ak pwotokòl yo lè yo nan transpò, ki gen ladan kenbe distans sosyal nan mezi posib, itilize dezenfektan pou men ak obsève oryantasyon etikèt yo.

Gouvènè a te anonse tou eta a distribye gratis plis pase kat milyon boutèy dezenfektan pou men NYS Clean toupatou nan eta a jiska jodi a.

"Tout rejyon yo toupatou nan eta a nan pwosesis re-ouvèti a kounye a - sa te pran yon bon bout tan pou nou rive la men Nouyòkè yo te disipline, yo te entelijan e yo te fè sa yo te dwe fè pou lakoz chif yo desann", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sa nou deja fè nan New York la se yon istwa siksè entènasyonal, nou te gen sitiasyon ki te pi mal la epi nou te jere li pi byen, epi kounye a nou ka kontinye travay nou nan direksyon yon nouvo nòm al."

**Sean Penn, Ko-Fondatè CORE, te deklare,** "Lidèchip Gouvènè Cuomo nan epòk Covid sa a ta dwe prezève pou lavni. CORE fyè pou l fè patenarya avèk Eta New York pou elaji epi fè tès COVID-19 vin plis aksesib nan kominote koulè yo, ki gen revni fèb, ak tout moun sa yo ki afekte dispwopòsyonèlman pa viris la".

Finalman, Gouvènè a te konfime 683 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 379,482 ka konfime nan Eta New York. Nan total 379,482 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,983	5
Allegany	51	0
Broome	627	3
Cattaraugus	95	0
Cayuga	102	1
Chautauqua	103	2
Chemung	138	1
Chenango	135	0
Clinton	97	0
Columbia	414	0
Cortland	42	0
Delaware	86	1
Dutchess	4,016	10
Erie	6,595	64
Essex	40	1
Franklin	23	0
Fulton	228	1

Genesee	210	2
Greene	248	1
Hamilton	5	0
Herkimer	125	1
Jefferson	79	1
Lewis	20	0
Livingston	121	0
Madison	331	4
Monroe	3,243	40
Montgomery	100	0
Nassau	40,980	33
Niagara	1,125	9
NYC	207,693	340
Oneida	1,185	15
Onondaga	2,427	19
Ontario	222	1
Orange	10,533	10
Orleans	257	1
Oswego	115	0
Otsego	75	0
Putnam	1,280	1
Rensselaer	505	2
Rockland	13,353	13
Saratoga	511	7
Schenectady	715	3
Schoharie	54	0
Schuyler	12	0
Seneca	61	0
St. Lawrence	209	0
Steuben	252	1
Suffolk	40,426	49
Sullivan	1,418	1
Tioga	134	0
Tompkins	171	0
Ulster	1,724	3
Warren	257	0
Washington	240	0
Wayne	126	1

Westchester	34,035	35
Wyoming	91	1
Yates	39	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)